

Prepare pou premye jou lekòl la

Jedi 4 septanm lan!



Men kèk etap senp pou ede fanmi ou kòmanse ane lekòl la byen:

☐ Mete enfòmasyon sou jan pou yo kontakte w ajou.

Asire w lekòl pitit ou a ka jwenn ou lè yo bezwen w! Konekte sou Kont Lekòl NYC ou a (NYCSA), pòtal paran nou an, pou mete nimewo telefòn ou, adrès postal ou ak imèl ou ajou. Ou kapab tou ranpli fòm kontak ijans lekòl ou a ba w la. Ou poko gen yon kont NYCSA? Ale sou schools.nyc.gov/NYCSA pou anrejistre.

☐ Mete yon randevou pou pitit ou a wè yon doktè.

Èske pitit ou a ap kòmanse lekòl oswa gadri pou premye fwa? Y ap bezwen yon egzamen fizik nan men yon pwofesyonèl swen sante, ki se moun ki dwe ranpli tou yon fòm egzamen sante timoun ak adolesan (CH-205). Download yon fòm CH-205 nan schools.nyc.gov/SchoolHealth.

☐ Asire pitit ou a ajou pou tout vaksen ki obligatwa yo.

Lwa Eta Nouyòk sou sante piblik egzije pou elèv pran kèk vaksen pou yo ka ale nan gadri oswa lekòl. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou vaksen ki obligatwa yo nan schools.nyc.gov/Immunization. Ale sou vaccinefinder.nyc.gov oswa rele nan **877-829-4692** pou jwenn yon lokal bò lakay ou ki bay vaksen ki obligatwa ak sa yo rekòmande yo.

☐ Gade kalandriye lekòl NYC a pou ane 2025–2026 la.

Sonje dat enpòtan pou ane a tankou fèmti lekòl pou jou ferye, reyinyon

paran-pwofesè, ak plis ankò! Ale nan schools.nyc.gov/Calendar pou wè epi enprime kalandriye pou ane lekòl sa a nan plizyè lang.

☐ Konprann opsyon ak elijiblite pitit ou a pou mwayen transpò.

Èske ou konnen kijan pitit ou a pral fè ale-retou lekòl? Ale sou schools.nyc.gov/Transportation pou plis enfòmasyon sou sèvis transpò ki disponib.

- Jwenn enfòmasyon sou kat OMNY gratis pou elèv nan schools.nyc.gov/OMNY.
- Si yo bay pitit ou a sèvis otobis lekòl, ou ka gade trajè l ap fè, lè y ap vin chèche l ak depoze l, avèk app ofisyèl otobis Lekòl Leta Vil Nouyòk la. Konekte avèk Kont Lekòl NYC ou a. Jwenn plis enfòmasyon nan schools.nyc.gov/SchoolBusApp.

☐ Pale avèk pitit ou a konsènan aparèy elektwonik pou l pa itilize nan lekòl la.

Dapre lwa Eta Nouyòk, elèv NYCPS pa gen dwa itilize aparèy elektwonik pèsònèl ki konekte nan entènèt tankou telefòn selilè sou pwopriyete lekòl la pandan jounen lekòl la. Lekòl ou a ap fè w konnen pwòp règleman li sou itilizasyon aparèy elektwonik ak kote y ap mete yo nan lekòl la—revize règleman an avèk pitit ou a pou l ka konprann règ sa yo avan ane lekòl la kòmanse. Pou plis enfòmasyon ale sou schools.nyc.gov/DevicePolicy.

☐ Prepare founiti klasik pitit ou a.

Lekòl pitit ou a oswa pwofesè li ka voye ba ou yon lis founiti klasik lekòl l ap bezwen

Gade nan do paj la pou jwenn plis enfòmasyon ►

ane sa a. Pale avèk pitit ou a sou kisa pou li atann li nan premye jou a, epi asire li gen founiti klasik li tou pare pou l travay. Mete etikèt sou afè li yo (rad, boutèy dlo, bwat kreyon, etc.) pou asire yo ka retounen yo ba ou si li pa wè yo!

☐ Ede pitit ou a pare pou orè ane lekòl li.

Avan premye jou lekòl la, fikse yon lè dòmi ki konsistan pou timoun ou an ka adopte yon orè dòmi regilye ki bon pou sante l. Kèk jou avan lekòl kòmanse, pratike woutin w ap atann pou fanmi w suiv lè maten an, ladan preparasyon pou ale ak trajè pou pitit ou a rive lekòl li. Asire w ou revize règleman lekòl ou a sou lè arive, lè ranvwa, ak règleman sou reta.

☐ Mande lekòl ou a enfòmasyon sou sèvis tradiksyon ak entèpretasyon.

NYCPS tradui dokiman ofisyèl nou yo nan 12 lang—arab, bangla, chinwa (tradisyonèl ak senplifye), franse, kreyòl ayisyen, koreyen, ris, panyòl, oudou, ak—nouvo ane lekòl sa a—albanè, ikrenyen, ak ouzbèk.

- Si ou bezwen plis sipò, lekòl ou a ka ba ou sèvis tradiksyon ak entèpretasyon gratis. Kontakte direktè ouwa

kowòdonatè paran lekòl ou a, ouwa ale sou [schools.nyc.gov/Hello](https://schools.nyc.gov>Hello) pou plis enfòmasyon. Pou entèpretasyon nan lang an siy pou moun ki bèbè/soud (American Sign Language, ASL), ale sou schools.nyc.gov/SignLanguage.

☐ Kontakte kowòdonatè paran lekòl ou a.

Kowòdonatè paran ka ede reponn anpil nan kesyon ou genyen! Jwenn enfòmasyon pou kontakte yo avèk zouti “Find a School” nan schoolsearch.schools.nyc ouwa rele lekòl pitit ou a.

☐ Prepare w pou aprantisaj adistans si sa vin nesèsè.

Si lekòl fèmen akòz move tan ouwa ijans, elèv ap patisipe nan aprantisaj adistans lakay yo. Asire w pitit ou a gen yon aparèy ki konekte nan entènèt, founiti klasik, ak yon kote trankil pou li travay. Ede li konekte sou Kont Elèv NYCPS li a pou jwenn aksès nan zouti sou entènèt li bezwen pou travay lekòl li. Jwenn resous pou prepare pou aprantisaj adistans nan schools.nyc.gov/DigitalLearning.

Nou pa ka tann pou kòmanse ane lekòl la avèk ou
4 septanm lan!